



## Domèn: Transpò

Sante w enpòtan pou nou. Se pou rezon sa a youn nan prestasyon w yo se èd pou ale nan randevou medikal ou yo e pou resevwa sèvis Oregon Health Plan (OHP) peye pou yo. Si w pa gen okenn fason pou ale nan yon randevou medikal plan an peye pou li, patnè nou, **Ride to Care ka** ede w ak transpò a.

### Twa fason pou ale nan randevou w yo

**Ekip sèvis pou kliyan Ride to Care a pral travay avè w pou jwenn opsyon ki pi apwopriye e ki pi bon mache a pou satisfè bezwen w yo:**



#### Transpò piblik

Nou bay pas transpò ki fonksyone pou yon jou oswa pou yon mwa. Nou pral pale avè w sou randevou ou genyen yo pou deside si yon pas pou yon jou oswa pou yon mwa ap pi bon pou w ale nan randevou sa yo.



#### Ranbousman

Nou peye yon tarif pou chak mil nan trajè ou fè pou ale nan vizit medikal ou yo epi pou tounen lakay ou apre vizit sa yo. Ou kapab kondui oswa ou ka mande yon lòt moun mennen w. Pou ranbouse w, n ap mete kòb la sou yon kat debi pre-peye.



#### Trajè nan machin lòt moun

Nou ka òganize yon transpò prive oswa nan machin ak lòt moun. Selon bezwen medikal ou yo, nou ka voye yon machin nòmal, yon kamyonèt ki adapte ak chèz woulant, yon machin pou mete branka oswa yon anbilans ki pa bay sèvis ijans.



Ou gen dwa po u mande yon sèvis transpò nan menm jou a oswa nan demen. Sepandan, si w mande yon sèvis rapid epi gen anpil moun ki mande sèvis, nou bay moun ki gen bezwen medikal ijan yo priyorite.

Rele **Ride to Care**  
pou jwenn plis  
enfòmasyon nan  
**855-321-4899**  
oswa nan **TTY 711**

**Rele Ride to Care nan 855-321-4899 oswa nan TTY 711** pou konnen ki sèvis ki apwopriye pou ou. Chak lè ou rele, nou pral poze w kèk kesyon sou ou ak sou sèvis transpò ou mande a. Lè sa posib, tanpri rele nou omwen de jou biznis anvan randevou medikal ou pou mande sèvis transpò a pou nou ka pale sou li. Ou ka mande sèvis la jis 90 jou alavans.

**Si w gen kesyon, rele ekip  
sèvis kliyan CareOregon nan  
nan 800-224-4840.**

[careoregon.org](http://careoregon.org)

health  
share  
Health Share of Oregon

CareOregon®

## Transpò se yon sèvis ou jwenn nan men CareOregon, ki se plan sante Medicaid ou. Jwenn plis enfòmasyon sou nou isit.

Lè moun pale de Medicaid nan Oregon, yo gendwa site anpil diferan non oswa abrevyasyon. Rezon ki fè sa se paske genyen anpil òganizasyon ki jwe yon wòl pou fè w jwenn swen ou merite yo. Ki jan ou ka rive konprann tout bagay sa yo?

### Ou ka konpare Medicaid nan Oregon ak yon piramid

**Oregon Health Authority (OHA)** se òganizasyon ki jere pwogram Medicaid la pou tout eta Oregon nan. Pwogram sa a rele Oregon Health Plan (OHP).



**Health Share of Oregon (HSO)** se sa nou rele yon òganizasyon swen kowòdone (coordinated care organization, CCO). Health Share of Oregon travay anba sipèvizon OHA pou sèvi manm OHP yo nan zòn ki gen twa konte a.



**CareOregon** se youn nan konpayi asirans yo nan zòn ki gen twa konte a ki ede CCO ki rele Health Share a bay swen. Transpò se yon sèvis CareOregon peye pou li.



**Pwofesonèl sante prensipal ou (PCP, primary care provider)** se kapab yon doktè, yon enfimyè pratisyen, yon asistan doktè oswa yon natiwopat. Li kowòdone swen w yo ak CareOregon ak lòt moun ki fè pati ekip medikal ou, tankou dantis ou, pwofesonèl sante mantal ou, famasyen w ak lòt moun ankò.



### CareOregon bay manm Medicaid yo (OHP) jan de sèvis sa yo:

- ▶ Swen sante fizik
- ▶ Swen sante mantal
- ▶ Tretman pou abi sibstans
- ▶ Swen dantè
- ▶ Medicare atravè CareOregon Advantage
- ▶ Swen nan ospis ak swen palyatif atravè Housecall Providers

### Epitou, w ap kapab itilize lòt sèvis ki enpòtan, tankou:

- ▶ Kowòdinasyon swen
- ▶ Famasi
- ▶ Swen pre-natal ak swen pou tibebe ki fèk fèt
- ▶ Transpò
- ▶ Sèvis entèpretasyon nan lòt lang
- ▶ Swen nan sal dijans ak swen nan sant swen rapid

### Ou gen kesyon?

Èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon toujou? Pou jwenn èd ou bezwen an, pa ezite rele **ekip sèvis kliyan nou an nan 800-224-4840** oswa voye yon mesaj sekirize ba li nan [careoregon.org/portal](http://careoregon.org/portal)

Ou ka jwenn dokiman sa a nan lòt lang, nan gwo karaktè, nan ekriti bray oswa nan yon lòt fòma ou prefere. Epitou, ou ka mande yon entèprtèt. Èd sa a gratis. Rele nan 800-224-4840 oswa nan TTY 711.

